




Chapit 10 Semèn Mezi

Lakou Kajou byen kontan w deside aprann avèk nou semèn sa a ! Men sijè nou pral diskite padan semèn nan ! Sonje pran papye ak kreyon paske timoun yo souvan bezwen sa yo pou leson yo.



Orè a pou semèn sa a :

Lendi	Leson 10.1	<i>Madan Mezire</i>
Madi	Leson 10.2	Mezi
Mèkredi	Leson 10.3	Zouti mezi
Jedi	Leson 10.4	Konpare longè
Vandredi	Leson 10.5	Pwa ak balans



Vizite nou pou plis aktivite ak vidèyo:
<https://lakoukajou.ht/ti-lekol-lakay>





CHAPIT 10 SEMÈN MEZI

Leson 10.1 Madan Mezire

Konsiy

Gade foto sa a ki montre anpil lanmou nan yon fanmi. Èske w ka mezire lanmou sa a ? Ki santiman oubyen emosyon ou pa ka mezire ak okenn zouti ? (egzanp : lanmou, lespwa, tristès).

